

## EGZÈSIS: KÈK ISTWA SOU LIDÈCHIP

**Twa wòl yo:**

**1. Odyansè a (sètadi: patisipan k ap bay istwa a):**

Odyansè a pral bay 2 istwa sou lidèchip, youn ki pozitif ak youn ki negatif (5 minit pou chak istwa)

**2. Patisipan k ap koute a:**

- Ankouraje odyansè a gras a teknik ekout aktif, tankou: fè je w kontre ak je odyansè a, pote kò w yon jan ki montre enterè w, bay ti pawòl ankourajman.
- Kenbe odyansè a byen konsantre sou sa ki te pase reyèlman nan sityasyon an, olye pou li ta chache evalye sa ki te pase a.
- Kenbe gwoup la a lè (al gade orè ki pi ba la a)

**3. Patisipan k ap fè kodaj la:**

Pran nòt sou tout egzanp ki demontre 4 kapasite yo: Kreye sans, devlope yon vizyon, kreye koneksyon epi envante

**Twa etap nan chak tou:**

**1. Odyansè a bay 2 istwa yo (10 minit):**

- Yon istwa pozitif (5 minit)
- Yon istwa negatif (5 minit)

**2. Reyaksyon/Fidbak pou odyansè a (5 minit):**

- Ki egzanp patisipan k ap koute a epi patisipan k ap fè kodaj la wè pou chak kapasite yo?
- Ki kapasite lakay odyansè a ki parèt pi solid epi ki kapasite ki parèt pi fèb?
- Lè n ap konpare istwa pozitif la ak istwa negatif la, ki diferans nou wè ki te genyen nan fason odyansè a demontre divès kapasite yo?

**3. Brase lide (5 minit):**

- Odyansè a pral reyaji apre li resevwa fidbak la epi li pral reyaji sou validite fidbak la ak sou tout sans fidbak la gen ladan.
- Ki sa pou odyansè a dwe kontinye fè?
- Ki lòt konpetans odyansè a ta ka vle devlope?

**Tan total pou chak tou: 20 minit**

**Fè 3 tou, dekwa pou chak patisipan nan gwoup la ka jwe tou lè 3 wòl yo.**